

MANYÈL MANM OU A CHANJE POU YO KA ENKLI NOUVO SÈVIS POU MANM KI GEN MWEN KE 21

Tretman Fanmi ak Sèvis Sipò pou Timoun yo

Ou ka deja jwenn sèvis ki sanble ak Kat Medicaid Eta ou a. Apati dat ki anba yo, itilize kat benefis MetroPlus Health Plan ou a pou jwenn sèvis la.

1 Janvyè 2019

1ye Janvyè 2019, sèvi ak kat benefis MetroPlus Health Plan ou a pou jwenn Tretman Fanmi ak Sèvis Sipò pou Timoun yo. Sèvis sa yo gen ladan:

- **Lòt Praktisyon Lisansye (OLP).** Benefis sa a pèmèt ou jwenn terapi endividyèl, an gwoup, oswa fanmi kote ou pi konfòtab.
- **Reyabilitasyon Psikososyal (PSR).** Benefis sa a ede ou re-aprann ladrès pou ede ou nan kominote w la. Sèvis sa a te rele "Bati Ladrès"/ "Skill Building."
- **Tretman ak Sipò Sikatri nan Kominote (CPST).** Benefis sa a ede ou rete lakay ou epi kominike pi byen ak fanmi, zanmi ak lòt moun. Sèvis sa a te rele "Sèvis entansif nan kay la," "Fòmasyon ak Jesyon pou Evite Kriz," oswa "Sipò ak sèvis nan Kay."

Si ou poko gen laj 21 ane epi ou gen stati andikape nan Sekirite Sosyal federal oswa ou te detèmine Asirans Sekirite Sosyal ki gen rapò ak Eta New York, sèvi ak Kat Medicaid Eta ou a pou Tretman Fanmi ak Sèvis Sipò pou Timoun yo.